



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$16.7 MILYON NAN FINANSMAN AMERICORPS

*Sibvansyon an pral sipòte 1,440 Manm AmeriCorps kap travay nan 14  
Óganizasyon toupatou nan Eta*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York te resevwa plis pase \$10.7 milyon nan finansman konpetitif AmeriCorps ki soti nan Kòporasyon pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè, pou sipòte òganizasyon yo kap pwomote sante ak edikasyon timoun, preparasyon pou katastwòf, ansam avèk lòt inisyativ enpòtan yo. Yo pral bay yon lòt \$6 milyon adisyonèl pita nan ane a, sa ki pral pote montan total finansman a \$16.7 milyon.

“Nouyòkè yo gen yon istwa long pou ede epi vin sekouri sila yo ki nan bezwen,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Manm AmeriCorps nou yo enkane lespri sèvis sa lè yo bay tan ak efò yo jenerezman pou fè kominote nou yo vin pi fò, e mwen fyè pou m sipòte travay yo ki esansyèlman enpòtan.”

Komisyon sou Sèvis Kominotè Nasyonal Eta New York– Volontè Nouyòkè yo, yon komisyon Gouvènè a te nome pou rezoud kèk nan pwoblèm ki pi difisil eta, epi ankaraje sitwayen yo pou fè yon diferans nan lavi lòt moun. Manm AmeriCorps eta amelyore lekòl yo epi ogmante opòtinite edikasyon, konbat povrete, vini osekou moun ki malad, prepare kominote yo pou katastwòf epi rebati apre gwo evènman move tan yo, prezève anviwonman ak sipòte veteran ak fanmi militè yo.

Atribye atravè yon pwosesis demann pou pwopozisyon, finansman an pral pèmèt 14 òganizasyon a bi non likratif yo rekrite 1,440 moun pou sèvi manm AmeriCorps yo. Chak òganizasyon planife yon pwogram pou adrese bezwen spesifik yo nan kominote I. Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal & Sèvis Kominotè– Nouyòkè Volontè yo pral administre lajan.

Direktè Egzekitif Volontè Nouyòkè Linda Cohen te deklare, "Keseswa pou netwaye apre yon tanpèt devastatè oswa ede timoun yo reyisi nan lekòl, manm AmeriCorps yo ap fè yon diferans reyèl nan eta nou an. Finansman sa a pral ede grandi epi sipòte kominote yo sèvi yo."

Gwo enterè ki soti nan gwoup non-pwofi ak sa ki baze sou lafwa yo toupatou nan peyi a te fè sik sibvansyon an esktrèmeman konpetitif ane sa a. Sibvansyon yo te atribye nan Eta New York la se:

<b>Non Óganizasyon</b>	<b>Rezime Pwogram</b>	<b>Finansman Apwouve</b>	<b>Popilasyon Desèvi</b>
American Red Cross of Northeastern NY	Edike publik la sou preparasyon katastwòf; rekrite volontè Kwawouj; epi sipòte repons rapid.	\$346,417	Statewide
Blue Engine	Prepare elèv lekòl segondè publik yo ki soti nan kominote ki gen revni fèb yo pou reyisi nan kolèj.	\$467,406	Vil New York
City Year, Inc.	Ankadre epi fòme elèv lekòl publik yo ki nan klas 3 – 8 ane ki gen risk pou kite lekòl.	\$2,774,950	Vil New York
	Bay sèvis akademik ki ankouraje elèv yo pou rete lekòl epi diplome atan.	\$460,000	Vil New York
Cypress Hills Local Development Corporation, Brooklyn	Amelyore edikasyon epi ankouraje bon jan kalite lavi grasa pwogram kan ete ak apre lekòl.	\$181,708	Brooklyn
Pwogram Leson Patikilye Lès Harlem	Mete sou pye yon pwogram rezidans	\$139,982	Vil New York

	préparasyon pwofesè pou sipòte edikasyon nan kominote ki gen bezwen elve yo.		
FoodCorps, Inc.	Konekte timoun lekòl piblik yo a bon jan kalite manje grasa edikasyon nitrisyon ak lekòl jaden.	\$126,100	Vil New York
Biwo Jèn Konte Genesee	Bay egzèsis, nitrisyon ak jerans anviwonman edikasyon jèn nan kominote a.	\$257,795	Konte Genesee, Orleans, ak Wyoming.
Harlem Children's Zone	Prepare timoun yo pou lekòl; amelyore alfabetizasyon nan klas K - 5; epi ede elèv klas 12yèm ane yo diplome atan.	\$1,601,470	Central Harlem
Jumpstart for Young Children, Inc.	Ede timoun lekòl matènèl yo ki nan katye revni fèb yo devlope lang kap emèje ak konpetans alfabetizasyon.	\$789,168	Vil New York
Kolèj Kominotè Monroe	Amelyore angajman akademik nan lekòl vil yo atravè aktivite anrichisman, konsèy ak lesion patikilye.	\$557,327	Rochester
Biwo Majistra Vil New York	Amelyore rezistans kominotè epi reponn a defi yo grasa NYC Civic Corps.	\$1,296,750	Vil New York
Reading Partners	Rekrite epi jere volontè yo pou bay lesion patikilye alabetizasyon pou lektè ki	\$252,700	Vil New York

	gen difikilte yo nan klas K – 5.		
The Service Collaborative of WNY, Inc.	Planifye epi aplike pwogram pou ede timoun yo ki nan katye pòv yo reyisi nan lekòl.	\$1,368,762	Buffalo ak Lwès New York
Westhab, Inc.	Ede fanmi ki sanzabri ak sa ki gen revni fèb yo devlope konpetans literè, jwenn travay, epi deplase ale nan kay pèmanan.	\$121,917	Vil New York

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “AmeriCorps se youn nan pi gwo pwogram sèvis nan mond lan e sibvansyon fon federal sa a pral fè yon wout long, non sèlman pou manm li pral sèvi yo, men pou jèn moun ansanm avèk fanmi yo ki pral benefisyé de travay di ak angajman nan pwogram lan ansanm avèk volontè li yo.”

Depite Charles B. Rangel te deklare, “Mwen remèsyé Kòporasyon pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè paske li amelyore angajman peyi nou an pou bati yon kilti sèvis ak responsabilite. Finansman sa a pral asire ke AmeriCorps ka kontinye bay sèvis a elektè mwen yo grasa Pwogram Leson Patikilye East Harlem ak Harlem Children’s Zone. Manm AmeriCorps yo nan tranch defans pou amelyore kominate yap sèvi chak jou yo, e mwen fyè dèské Gouvènè Cuomo sipòte kalite inisyativ sa ki ankouraje travay volontarya nan tout peyi a.”

Depite Nita M. Lowey te deklare, “Nou dwe fè tout sa nou kapab pou sipòte sila yo ki gen difikilte pou atenn endependans. Westhab gen yon dosye ekselan pou amelyore kalite lavi pou plizyè milye fanmi ak moun nan tout konte Westchester, e mwen pral kontinye travay nan Kongrè a pou asire ke òganizasyon tankou Westhab gen resous nesesè pou ranpli misyon yo, ki santre sou sèvis dezenterese.”

Depite Jerrold Nadler te deklare, “Angajman a kominate se yon bagay ke Nouyòkè yo konnen byen. Sèvis kòmanse nan kay e angajman moun yo ki soti nan tout orizon lavi a, tout laj, ras ak sèks, pou fè volontarya pou yon koz enpòtan se vrèman yon enspirasyon. Kòm yon sipòtè long dat nan Kongrè a pwogram AmeriCorps, Mwen kontan paske yo te pote finansman federal sa nan eta e mwen felisite volontè AmeriCorps yo paske yo te angaje tan ak enèji yo pou rebay atravè sèvis. Yo ta dwe felisite Gouvènè Cuomo ansanm avèk 14 òganizayson yo toupatou nan eta nou an kap travay san relach.”

Depite Carolyn B. Maloney te deklare, “Antanke yon sipòtè ki fyè de pwogram

AmeriCorps, mwen kontan paske mwen wè resous sa yo ap koule nan New York nan yon fason kap ede kominote nou yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te jere pwogram sa a nan yon fason ki efikas, e tout manm AmeriCorps yo kap travay pou fè eta ak peyi nou an vin pifò.”

Depite Nydia M. Velázquez te deklare, “Cypress Hills Local Development Corporation fè travay ki esansyèl, bay timoun yo sèvis ki enpòtan kap ede yo grandi an adilt ki ansante. Mwen fyè pou m wè resous sa yo ki te deziyen pou òganizasyon sa a, sa ki te vini vrèman yon nwayo kominotè.”

Depite Brian Higgins te deklare, “Nouyòkè yo gen yon tradisyon solid sèvis kominotè ak ede sila yo ki nan bezwen. Sibvansyon pou Sèvis Kolaboratif nan Lwès New York pral sipòte timoun yo pandan tan aprantisaj ki enpòtan nan lavi yo, epi diminye eka pou ede yo reyisi ak bati yon avni ki solid pou yo menm ansanm avèk kominote nou an.”

Depite Paul Tonko te deklare, “Sipò sa a pral bay NENY Red Cross zouti yo bezwen pou ede gouvènman lokal ak eta diminye epi rekipere nan katastwòf natirèl ki kapab mete kay ak biznis Capital Region sou wout danejre. Mwen remèsyé Gouvènè Cuomo paske li asire ke kominote nou yo gen tout opòtinite pou prepare pou pwobabilite nenpòt katastwòf, e map rete tann pou m travay avèk biwo l pou fè New York vini yon kote ki pi ansekirite pou viv, travay, epi elve yon fanmi.”

Komisyón Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè -- Volontè Nouyòkè yo ap chèche pou amelyore lavi, ranfòse kominote yo, ak favorize angajman sivik atravè sèvis ak volontarya nan Eta New York. Se ak yon Dekrè Egzekitif Gouvènè a te kreye l nan lane 1994, epi l ap jere pwogram ki gen bourad lajan National Community Service Trust Act of 1993, san blyie pwogram AmeriCorps State ak Pwogram Bous Edikasyon AmeriCorps. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [newyorkersvolunteer.ny.gov](http://newyorkersvolunteer.ny.gov), “like” [NYS CNCS](#) nan Facebook, oswa swiv [@NYersVolunteer](#) nan Twitter.

AmeriCorps administre pa Kòporayson pou Sèvis nasyonal ak Kominotè, yon ajans federal ki angaje plis pase senk milyon Ameriken nan sèvis atravè AmeriCorps, Senior Corps, the Social Innovation Fund, ak the Volunteer Generation Fund, e li kondwi apèl nasyonal Prezidan nan inisyativ sèvis, Nou Inì pou Sèvis. Depi 1994, plis pase 72,000 manm AmeriCorps nan New York te konplete plis pase 110 milyon èdtan sèvis. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [www.rfsuny.org/TAF](http://www.rfsuny.org/TAF).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418